



Pou Piblikasyon Imedya: 12/15/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$25 MILYON NAN PWOGRAM AMELYORASYON  
ENDISTRI AGRIKILTI NAN SOUTHERN TIER POU DEVLOPE FÈM AK BIZNIS  
AGRIKILTI**

***Pwogram lan sipòte pwojè ki ogmante pwodiksyon agrikilti ak amelyorasyon  
anviwonman***

***Kritè kalifikasyon sou entènèt kounye a, aplikasyon yo ap disponib nan dat 19  
janvyè***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse piblikasyon yon pwogram kritè pou Pwogram \$25 milyon Amelyorasyon Endistri Agrikilti Southern Tier. Kondisyon kalifikasyon yo kounye a disponib sou entènèt nan [www.agriculture.ny.gov](http://www.agriculture.ny.gov). Pwogram lan ap bay finansman pou pwojè yo ki fèt pou ede fèm ak biznis agrikilti yo elaji epi devlope operasyon yo, ansanm avèk ogmantasyon amelyorasyon nan konte Allegany, Broome, Cattaraugus, Chautauqua, Chemung, Chenango, Delaware, Schuyler, Steuben, Tompkins ak Tioga. Aplikasyon yo ap disponib apati dat 19 janvyè 2016.

“Endistri agrikilti New York se yon motè ekonomik nan kominote upstate yo – kondwi kwasans epi elaji opòtinite,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè pou m anonse \$25 milyon nan finansman Eta pou Pwogram Amelyorasyon Endistri Agrikilti Eta sa kap bay sipò enpòtan pou tout agrikiltè ak biznis agrikilti nan Southern Tier epi kenbe ekonomi agrikòl New York la delavan.”

Pwojè ki kalifye yo ap ogmante pwodiksyon agrikòl sou fèm yo epi amelyore pwofitabilite, ansanm avèk sipòte fèm yo pou pi byen jere epi amelyore resous anviwonmantal yo. Pwojè yo ki gen finansman Eta ka resevwa jiska \$100,000 pou ede avèk depans ki gen rapò avèk konstriksyon, renovasyon, irigasyon, drenaj, amelyorasyon anviwonmantal, kloti, sistèm treyi ak greenhouses. Aplikan kalifye yo ki demontre yon angajman egzanplè pou pwoteje oswa amelyore resous natirèl yo, ka gen dwa tou a \$10,000 adisyonèl nan pwojè yo a.

Depatman Agrikilti ak Mache ap travay an kowòdinasyon avèk Distri County Soil ak Water Conservation (SWCD) pou jere pwogram nan. SWCD yo ap kalifye alavans pwojè yo epi kontwole aplikasyon prim yo. Yap afekte prim yo sou yon baz semi-anyèl

pou yon peryòd dezan oswa jiskaske finansman fin epwize. Aplikasyon yo ap disponib epi ranpli lokalman grasa SWCD respektif chak konte. Pou w jwenn yon lis SWCD yo, klike [la](#).

Aplikan yo dwe reponn a definisyon Depatman an pou operasyon yon fèm epi reponn a kritè adisyonèl jan li souliye nan pwogram kritè, enkli patisipasyon nan pwogram Jesyon Anviwonmtal Agrikilti Eta New York nan twazan ki sot pase a, oswa yon angajman pou patisipe nan pwogram nan anvan ke li te atribye.

**Komisyone Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare,** “Inisyativ sible Gouvènè a pou investi nan zòn 11-konte sa se yon gwo viktwa pou agrikilti, e nou kontan pou nou bay aplikan yo detay nan pwogram lan epi kòmanse aksepte pwopozisyon yo nan kèk semèn. Finansman an ki te disponib ap gen yon enpak enpòtan sou anpil fèm ak biznis agrikilti kap chèche pou ogmante pwodiksyon ansanm avèk dirabilite anviwonmantal.”

**Prezidan Komite Sena Agrikilti a, Senatè Patty Ritchie te deklare,** “Konsève tè agrikòl yo nan Eta nou an enpòtan anpil pou asire ke endistri agrikòl New York la gen espas li bezwen pou pwospere ak grandi. Mwen kontan paske fèmye ak pwopriyetè biznis agrikilti yo ap byento anmezi pou pran avantaj nan pwogram spesyal sa, ki pral non sèlman ba yo sipò yo bezwen pou fè operasyon yo gen plis siksè, men tou ap ede yo amelyore pwoteksyon anviwonman tè yo.”

**Prezidan Komite Asanble a Bill Magee te deklare,** “Finansman pou fèm ak biznis fèm yo ke Gouvènè Cuomo te anonse jodia ap ankouraje kwasans dirab, bay fèmye yo nan zòn 11-konte a yon opòtinite pou investi nan pwoteksyon tè agrikòl ak resous natirèl, pandan lap ogmante pwodiksyon agrikòl nan Southern Tier.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418